

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana pedaran hasil panalungtikan dina bab saméméhna, ieu panalungtikan téh dicindekkeun kana sababaraha hal saperti ieu di handap.

a. Struktur Makro dina Kolom “Kalangan Awéwé”

Struktur makro dina analisis wacana kritis modél Teun A. van Dijk nalungtik téma atawa gagasan inti anu aya tina wacana. Sakumaha geus diébréhkeun tina bab saméméhna, dina analisis struktur makro tina dua wacana “Gerakan djeung Awéwé” jeung “Lelengkah Haloe” dina kolom Kalangan Awéwé, téma anu ditempokeun dina kolom éta bisa disebutkeun saluyu jeung ngaran ti kolomna. Sanajan antara Mintarsih jeung Itje ngabogaan téma nu béda, duanana ngabogaan hiji inti anu sarua, nyaéta ngabahas ngeunaan pasualan peran awéwé dina hiji gerakan politik. Duanana sapuk yén peran awéwé teu bisa disapélékeun sabab miboga *génder* salaku awéwé. Maranéhna ogé ngabogaan sawangan yén awéwé jeung lalaki nyaéta sarua, sarua-sarua jalma.

b. Superstruktur dina Kolom “Kalangan Awéwé”

Dina ieu bagian, anu ditalungtik nyaéta skema atawa alur anu dipaké dina hiji wacana. Dua wacana anu ditulis di kolom “Kalangan Awéwé”, ngabogaan skéma anu gampang ditarima ku nu maca. Ieu hal disababkeun ku ayana *summary* jeung *story*. Dina bagian *summary*, anu ngabahas ngeunaan judul jeung *lead*, éta dua wacana, boh “Gerakan djeung Awéwé” boh “Lélengkah Haloe” ditulis sacara saluyu. Saterusna, dina bagian *story* anu eusina ngeunaan sawangan jeung situasi anu ditepikeun nu nulis, Mintarsih jeung Itje némbongkeun kumaha situasi ti pasualan masarakat dina nempo awéwé. Jadi, naon anu geus ditulis ku Mintarsih ogé Itje geus cukup luyu, babari dipikaharti jeung skematis. Sawangan maranéhna pikeun pasualan awéwé anu disanghareupan dina mangsa harita, jadi babari pikeun dipikaharti ku nu maca.

c. Struktur Mikro dina Kolom “Kalangan Awéwé”

Struktur mikro dina analisis kolom “Kalangan Awéwé”, dibagi jadi opat bagian, nyaéta semantik (medar ngeunaan latar, maksud jeung detil), sintaksis (medar ngeunaan kohérens, wangun kalimah, pamungkir, jeung kecap ganti), stilistik (medar ngeunaan pilihan kecap), jeung rétoris (medar ngeunaan grafis jeung métafora). Dina wacana “Gerakan djeung Awéwé” jeung “Léléngkah Haloe”, aya hiji élemén nu teu nyampak dina éta dua wacana. Éta hiji élemén nyaéta élemén pamungkir dina wacana “Léléngkah Haloe”. Sesana, sakabéh élemén ébréh dina éta dua wacana.

d. Analisis Sosial dina Wacana Kolom “Kalangan Awéwé”

Sakumaha nu geus dijelaskan, Soerapati aya salaku bagian ti produk politik pikeun perlawanan rahayat Indonesia ka kolonialisme. Munculna, dirojong ku rupa-rupa situasi jeung kondisi sosial-politik masarakat nalika abad 20. Kawijakan politik étis, jadi salah hiji faktor nu utama dina ngalahirkeun inteléktual pribumi nu ahirna nyiptakeun kasadaran rahayat Indonesia pikeun ngawujudkeun parobahan.

Ku sabab kitu, wacana anu dikaluarkeun ku Soerapati, hususna nu aya patalina jeung dua wacana saperti “Gerakan djeung Awéwé” jeung “Léléngkah Haloe”, mangrupa hasil produk anu muncul ti rupa-rupa kajadian anu geus kalokonon di jaman harita. Pangaruh kakawasaan anu ditémbongkeun ku kawijakan politik étis jeung aksés anu katémbong tina lobana atikan, ngabalukarkeun éta dua wacana bisa aya dina ruang publik atawa surat kabar.

Leupas tina wacana ngeunaan awéwé anu ditulis dina kolom “Kalangan Awéwé”, watak kolonialisme salaku subjék oprési kana hiji bangsa anu teu nempo gendér, tangtu ngajadikeun hiji gerakan politik ngabutuhkeun gawé bareng anu alus antara awéwé jeung lalaki. Gerakan pembebasan awéwé jeung kritik pikeun katimpangan gendér anu ditulis ku Mintarsih jeung Itje, bisa disebut salaku usaha pikeun ngawangun opini masarakat anu acan paham kana pentingna peran awéwé nalika ngalawan kolonialisme abad 20 di Indonésia.

5.2 Implikasi

Tina hasil panalungtikan anu geus dilakukeun, dipiharep bisa méré sumbangan idé pikeun satuluyna ngabeungharan hasil panalungtikan sarta ngeunaan analisis wacana kritis, utamana analisis wacana kritis model Teun A. van Dijk pikeun mahasiswa tingkat akhir di Universitas Pendidikan Indonesia atawa di universitas séjén. Ieu panalungtikan, ogé dipiharep mampu jadi hiji jawaban pikeun ngajawab masalah anu patali jeung pasualan dina napsirkeun ma'na dina hiji wacana.

5.3 Rékoméndasi

Panalungtikan ngeunaan analisis wacana kritis model Teun A. van Dijk dina kolom “Kalangan Awéwé”, ngan ukur fokus kana analisis téks jeung analisis sosial. Sedengkeun dina uraian van Dijk, panalungtikan pikeun wacana kritis anu diébréhkeun nawarkeun tilu kerangka analisis, nyaéta, analisis teks, kognisi sosial jeung analisis sosial. Mawa hiji pilihan pikeun teu ngabahas kognisi sosial nyaéta kusabab kudu ngalaksanakeun wawancara sangkan nyaho kumaha motif nu nulis anu sabenerna dina ngahasilkeun hiji wacana. Métoeu wawancara ieu téh anu jadi moal mungkin, sabab éta surat kabar medal dian tahun 1923.

Sabab kitu, pikeun para mahasiswa tingkat akhir anu bakal ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan analisis wacana kritis model Teun A. van Dijk, dirékomendasikeun pikeun ngalengkepan sakabéh rangka analisis anu geus ditawarkan ku van Dijk sarta nambahan référénsi atawa babandingan antara koran pikeun nambahan argumén anu kuat dina medar data. Jadi, dina panalungtikan saterusna, bakal mampu ngajawab secara komprehénsif, lengkep sarta luas.

Salian éta, kawatesan séjénna nyaéta surat kabar Soerapati anu medal taun 1923 hésé pikeun ditéangan dina referensi sejarah Indonesia. Atuh dipiharep pikeun panalungtik séjénna bisa maluruh deui data ngeunaan surat kabar Soerapati hususna kolom awéwé téa.